**दिन–सोमवार** **दिनांक–04.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी तेरह नवंबर कS दरभंगाक शोभन मे प्रस्तावित एम्सक निर्माण काजक आधारशिला रखताह। दरभंगाक सांसद गोपाल जी ठाकुर ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे शिलान्यास समारोह के लSकS तैयारी आरंभ कS देल गेल अछि। दरभंगा मे बनयबला एम्स बिहारक दोसर एम्स होयत। एकर निर्माणक लेल केन्द्र सरकार एक हजार दू सय एकसठि करोड़ टाकाक राशि उपलब्ध करौलक अछि।

---

निर्वाचन आयोग तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक लेल उपचुनाव कार्यक्रमक घोषणा कS देलक अछि। उपचुनावक अधिसूचना एगारह नवंबर कS जारी होयत आ एहि दिन सँ नामांकन पत्र भरबाक काज आरंभ होयत। प्रत्याशी अठारह नवंबर धरि नामांकन पत्र भरि सकताह। उन्नैस नवंबर कS नामांकन पत्रक जांच होयत। जखनकि प्रत्याशी एक्कैस नवंबर धरि नाम वापस लS सकताह। मतदान पांच दिसंबर कS होयत आ मतक गिनती नओ दिसंबर कS होयत। ध्यातव्य अछि जे देवेशचंद्र ठाकुर के इस्तीफाक बाद एहि सीट पर उपचुनाव भS रहल अछि। श्री ठाकुर लोकसभा चुनाव मे सीतामढ़ी सीट सँ जीत प्राप्त कयने छलाह।

---

राज्यक चारि विधानसभा सीट– बेलागंज, इमामगंज, तरारी आ रामगढ़ उपचुनावक लेल राजनीतिक दल सभ प्रचार अभियान कS देलक अछि। भाजपा, जदयू, हिन्दूस्तानी अवाम मोर्चा सहित एनडीएक सभ घटक दल अपन प्रत्याशी सभक जीत सुनिश्चित करबाक लेल लगातार जनसभाक आयोजन कS रहलाह अछि। ओतहि, इंडिया गठबंधनक दिस सँ राजद, कांग्रेस आ वाम दलक नेता चुनाव प्रचार अभियान चला रहलाह अछि। एहि सीट सभ पर तेरह नवंबर कS मतदान होयब अछि।

---

प्रदेश मे छब्बीस नवंबर से तीन दिसंबरक मध्य पांच चरण मे होबयबला पैक्स चुनाव मे शिक्षक लोकनिक ड्यूटी नहि लगाओल जायत। बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकारक दिस सँ चुनाव के लऽकऽ जारी दिशा–निर्देश मे कहल गेल जे सरकारी विद्यालय मे शिक्षण कार्य मे लागल शिक्षक सभ के पैक्स चुनाव मे प्रतिनियुक्त नहि कयल जायत। यद्यपि अपरिहार्य स्थिति मे एहेन करबा पर कोनो रोक नहि होयत। दिशा–निर्देश मे सहकारी समितिक पदाधिकारी आ कर्मी सभ के सेहो चुनाव कार्य मे प्रतिनियुक्ति पर रोक लगा देल गेल अछि।

———————————————————

लोक आस्थाक महापावनि छठिक चारि दिवसीय अनुष्ठान काल्हि नहाय–खायक संग आरंभ होयत। व्रती पहिल दिन अरवा चाउर, चना–बदाम दालि आ सजमनिक तरकारी बना कऽ ओहि के प्रसादक रूप मे ग्रहण करताह। छठि के लऽकऽ मिथिलांचल सहित प्रदेश भरि मे उत्सवक वातावरण अछि। जिला मुख्यालय सँ हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे छठि घाटक साफ–सफाई आ घाट सभ पर आनो–आन सुविधा उपलब्ध करेबाक लेल जिला प्रशासनक संग विभिन्न स्वंयसेवी संस्था आ आम लोक सभ सेहो जुटल छथि। एम्हर, महापावनि छठिक अवसर पर दरभंगा शहरी क्षेत्र लहेरियासराय आ विश्वविद्यालय थाना क्षेत्र अंतर्गत छठि घाट सभ पर बेस भीड़–भाड़ होयबाक संभावना के ध्यान मे रखैत दरभंगा शहरक निवासी सभक सुविधाक लेल शहरी क्षेत्र अंतर्गत भीड़–भाड़ आ जाम के समस्या सँ निजातक लेल दरभंगाक अनुमंडल पदाधिकारी विकास कुमार सात आ आठ नवंबर कऽ रूट का ट्रैफिक प्लान द्वारा विभिन्न मार्ग के प्रतिबंधित रहबाक जनतब देलनि अछि। एहि क्रम मे चट्टी चौक सँ लहेरियासराय अबयबला मार्ग पूर्णतः बंद रहत। पण्डासराय रेलवे गुमटी सँ लोहिया चौक अबयबला मार्ग पूर्णतः बंद रहत। एकमी घाट सँ लोहिया चौक अबयबला मार्ग सेहो पूर्णतः बंद रहत। लोहिया चौक सँ बारकगंज आ पण्डासरायक दिस आओर दारू–भट्टी चौक सँ बाकरगंज दिस मात्र पूजा सँ संबंधित वाहन के जयबाक अनुमति होयत। अन्य वाहन जीएनगंज सँ कॉमर्शियल चौक दिस स्वतः मुड़ि जायत। एहि तरहे रूट आ ट्रैफिक प्लान एहि मासक सात तारीख कऽ साढ़े बारह बजे सँ आरंभ भऽकऽ आठ तारीख कऽ दस बजे पूर्वाह्न धरिक लेल निर्धारित होयत।

———————————————————

छठि पावनि के ध्यान मे रखैत यात्री लोकनिक सुविधा आ सुगम यात्राक लेल रेलवे विशेष रेलगाड़ी सभक परिचालन कऽ रहल अछि। आइ रेलवे द्वारा एक सय पचासी विशेष ट्रेन चलाओल जा रहल अछि। एहि मे लगभग पच्चीस पूजा स्पेशल रेलगाड़ी राष्ट्रीय

राजधानी क्षेत्र दिल्ली सँ देशक विभिन्न भागक लेल विदा भऽ रहल अछि। एहि मे सहरसा, पटना, मुजफ्फरपुर आ दरभंगाक लेल विशेष ट्रेन सम्मिलित अछि।

———————————————————————

पूर्णियां जिला मीरगंज थाना क्षेत्र अंतर्गत मीरगंज–कुर्सेला स्टेट हाइवे पर एक कार के अनियंत्रित भऽकऽ गाछ सँ टकरा जयबाक कारणे एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेल आ आन चारि गंभीर रूपे घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————

समाप्त